

Mèsi dèske w ap ede nou teste pitit ou a. Lis Kontwòl pou Paran/Gadyen sa a pou Tès a Distans LAS Links lan ap bay yon lis etap pou ede w konprann sa ou kapab ak pa kapab fè pandan tès la. W ap jwenn enstriksyon tou sou kijan pou w sèvi ak Antrènman pou Tès la. Pitit ou a pral fè tès LAS Links a Distans la pou montre li kapab pale, konprann, li, ak ekri angle. **Li enpòtan pou pitit ou a fè tès la poukont li.**

Ou menm, kòm paran/gadyen, ak pitit ou a dwe suiv enstriksyon sa yo, pou rezilta tès yo kapab sèvi pou pran desizyon enpòtan sou edikasyon pitit ou a. Pitit ou a sipoze sèvi avèk òdinatè oswa aparèy distrik la, lekòl la, oswa pwofesè k ap ba li fè tès la, te ba li an. Si w ap sèvi ak yon òdinatè pèsònèl, tanpri fè pwofesè a konn sa anvan tès la kòmanse pou sèten tès la ap mache sou li.

Pwofesè pitit ou a, oswa pwofesè ki pral ba li fè tès la, pral voye plis enfòmasyon pou ou sou kijan pou konekte nan tès la. Sèvi avèk lis kontwòl sa a pou ede w verifye ou gen tout bagay pare pou seyans tès la.

Anvan Tès la

| SA POU W FÈ | SA POU W PA FÈ |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Sèvi ak Google Chrome pou tès la. Si ou pa gen Google Chrome sou òdinatè k ap sèvi pou tès sa a, w ap gen pou enstale navigatè Google Chrome nan. Ale sou www.google.com/chrome pou enstriksyon. | |
| <input type="checkbox"/> Fèmen tout pwogram k ap mache sou òdinatè a eksepte Google Chrome. | |
| <input type="checkbox"/> Avèk navigatè Google Chrome nan, pwofesè w lan pral ede w ale sou www.DRCDeviceCheck.com pou verifye òdinatè a kapab sèvi pou tès sa a. | |
| <input type="checkbox"/> Verifye opalè a oswa ekoutè a ap mache epi son an fò ase pou pitit ou a tande enstriksyon yo pou tès la. | |
| <input type="checkbox"/> Verifye koneksyon Wi-Fi la solid ak sekirize. | <input type="checkbox"/> Pa pase ni fim ni mizik nan kay la. |
| <input type="checkbox"/> Jwen yon kote pezib pou pitit ou a fè tès la. Verifye gen kont limyè. | <input type="checkbox"/> Pa mete ni televizyon ni mizik nan kay la. |
| <input type="checkbox"/> Ede pitit ou a konekte pou kòmanse tès la si li bezwen èd. Sa enpòtan pou paran/gadyen jèn timoun. | |
| <input type="checkbox"/> Li epi siyen Akò Paran/Gadyen ak Elèv la pou Tès a Distans. | |

Pandan Tès la

| SA POU W FÈ | SA POU W PA FÈ |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Pitit ou a dwe sèvi avèk lyen pwofesè k ap bay tès la te voye a. | |
| <input type="checkbox"/> Pitit ou a dwe suiv tout enstriksyon li resevwa nan men pwofesè k ap bay tès la. Si pitit ou a bezwen èd pou konprann kijan pou li konekte nan tès la, ou kapab ede l. | <input type="checkbox"/> Lè tès la fin kòmanse, ou pa kapab ede pitit ou a ak ankenn kesyon. |
| <input type="checkbox"/> Pou kòmanse, pitit ou a ap tape non itilizatè ak modepas pwofesè li an te voye yo. | <input type="checkbox"/> Ou pa kapab li ankenn pati ni nan kesyon ni nan repons tès yo, ni bay poul pou ede pitit ou a nan tès la. |
| <input type="checkbox"/> Pitit ou a dwe sèvi avèk bouton ki nan sistèm tès la sèlman pou li sòti nan yon kesyon al nan yon lòt pandan tès la. Pa sèvi ak bouton ki nan Chrome yo pou deplase nan tès la. | <input type="checkbox"/> Pitit ou a pa gen dwa sèvi ak ni telefòn entelijan, ni aparèy pòtatif, ni diksyonè, ni diksyonè analogik, ni korektè òtograf, ni korektè gramè pandan tès la. |
| <input type="checkbox"/> Si pitit ou a bezwen pran yon ti repo, fè pwofesè k ap bay tès la konn sa. | <input type="checkbox"/> Kopye, fè foto, oswa bay lòt moun kèlkeswa kesyon oswa repons nan tès la entèdi. |
| <input type="checkbox"/> Si pitit ou a sòti nan tès la poutèt kèlkeswa rezon an, li gen dwa retounen pou fini l avèk menm enfòmasyon pou konekte yo. L ap kòmanse menm kote li te kite tès la. | <input type="checkbox"/> Pitit ou a pa dwe pataje ekran li, ni fè konvèsasyon sou entènèt, ni pale ak pèsonn de kesyon tès la. Se avèk pwofesè k ap bay tès la sèlman elèv la kapab pale. |
| <input type="checkbox"/> Lè pitit ou a fini avèk yon seksyon nan tès la, verifye li klike End Test epi Submit pou sòti nan tès la. | |

Sipò Teknik


Si ou gen nenpòt ki pwoblèm avèk òdinatè w lan, oswa entènèt ou, kontakte pwofesè pitit ou a touswit. Ou pa bezwen kontakte konpayi tès la.

Preparasyon pou Evalyasyon an


Nou rekòmande anpil pou pitit ou a fè yon tès antrènman anvan li fè vre tès la. Suiv entriksyon yo pi ba a pou jwenn tès antrènman an. Si ou gen kesyon, kontakte pwofesè pitit ou a.

Antrènman pou Tès LAS Links lan

1. Avèk navigatè Google Chrome nan, ale sou <https://wbte.drccdirect.com/LL/portals/ll> pou jwenn tès antrènman yo.
2. Pitit ou a ap wè yon bouton ki ekri **Practice Test** anba li. Pou pratike tès la, klike sou mo **Practice Test** yo.
3. Chwazi English pou pitit ou a kapab pratike.
4. Sa ap ouvè yon **Lis Tès**. Se tès pou antrene ki p ap resevwa nòt. Klike sèlman sou tès **Form C or Form D**.



5. Klike sou tès ou ta renmen pratike a (Speaking, Listening, Reading, oswa Writing). Apre sa, chwazi yon tès pou ane pa w la (kindergarten-1, 2-3, 4-5, oswa 6-12).
6. Tape enfòmasyon pou konekte ki parèt sou **Paj Koneksyon** an. Chak tès antrènman gen pwòp Non Itilizatè ak Modepas pa li, donk pa bliye kopye enfòmasyon ki parèt sou ekran w lan.



7. Pa sèvi avèk enfòmasyon koneksyon ki nan tikè tès ou resevwa nan men pwofesè pitit ou a. Yo se pou vre tès k ap resevwa nòt la.

Tès antrènman an gen enstriksyon pou fè tès la epi l ap kite pitit ou a eseye zouti k ap disponib yo lè l ap pran vre tès la, k ap resevwa nòt la. Pitit ou a kapab eseye fè tès nan chak nan kat matyè yo: Lekti, Redaksyon, Koute, ak Pale. Tès antrènman sa yo tèt koupe ak vre tès yo. Lè pitit ou a fin pratike, sèvi avèk bouton **Back** la sou paj **Lis Tès** la pou retounen nan meni prensipal la.

Sekirite Tès la

Kòm pitit ou a ap fè LAS Links lan a distans olye de nan lekòl la, pitit ou a ka kite tès la pou al nan lòt pwogram ki sou òdinatè li an ak/oswa sou entènèt la. Li pa dwe fè sa. Li enpòtan pou pitit ou a rete nan seyans tès la epi pou ou, kòm paran/gadyen, pou w fè lemye ou kapab pou fè pitit ou a sonje pou li travay sou tès la sèlman.

Ni ou menm ni pitit ou a responsab fè lemye nou kapab pou suiv règ yo pou tès la. Si gen nenpòt ki aktivite ki pa respekte règ yo ki fèt oswa si ou gen nenpòt ki bagay k ap trakase w, fè pwofesè a konn sa touswit.

Konsèy pou Evalyasyon an

- Si pitit ou a wè rektang mesaj ki gen kòm tit “Connection Retry is in Progress” la, sa vle di li pèdi koneksyon entènèt li an. Pwogram tès la pral eseye rekonekte pandan jiska 5 minit, oswa jiskaske oswa aparèy la rekonekte sou entènèt oswa pitit ou a klike sou bouton **Exit the Test** la. Pwofesè pitit ou a pral kontakte w epi eksplike pwochen etap yo. Si sa oswa nenpòt ki lòt enteripsyon rive, tout travay pitit ou a fè a ak tout repons li deja tape yo nan tès la sovgade.
- Pa bliye fè pitit ou a klike sou **End Test** ak **Submit** nan finisman tès la.

Pou Pran yon Ti Repo pandan Evalyasyon an

Si pitit ou a bezwen pran yon ti repo pandan tès la (tankou pou al nan twalèt), klike sou bouton **Pause** la. Yon kontarebou 20 minit ap parèt sou ekran an avèk tan ki rete a anvan tès la fèmen. Pwofesè a kapab wè pitit ou a pran yon ti repo tou, avèk tan ki rete nan ti repo sa a.

Si timoun nan pa kontinye tès la anvan kontarebou a fini, tès la ap fèmen. Pitit ou a kapab rekonekte pou fini tès la avèk menm non itilizatè ak modèpas li te itilize anvan an. Pitit ou a kapab kontinye tès la kote li te rete a epi tout repons li te tape yo anvan ti repo a ap sovgade.

Pou Sòti nan Evalyasyon an

Si pitit ou a kòmanse yon tès men li bezwen fini yon lòt lè, klike sou bouton **Pause** la epi apre sa klike sou **Exit**. Pitit ou a kapab kontinye tès la kote li te rete a epi tout repons li te tape yo ap sovgade.